




# Yon gid paran pou Vrè evalyasyon pou jèn timoun (Authentic Assessments for Young Children)

Kisa Vrè evalyasyon (*Authentic Assessments*) an ye?

Vrè evalyasyon se zouti ekip anseyan itilize chak jou pou konprann

- Kisa timoun konnen.
- Kijan timoun ap devlope.
- Kisa yo ka fè pou yo ede timoun devlope



Kijan vrè evalyasyon an mache?

Lakay ou, ou evalye bagay sa yo chak jou. Ou tcheke pou wè si pitit ou pote l byen ase pou l ale lekòl. Ou gade kòman yo antann yo avèk zanmi lè li sou lakou a, ak ki tip bagay ki enterese l. Lè ou fè obsèvasyon sa yo, sa ede w konprann pitit ou a ak kòman ou ka ede l kontinye devlope. Pwofesè pitit ou a itilize Vrè evalyasyon pou pi fò nan menm jan an.

Ekip anseyan an kolekte echantyon travay elèv, yo pran foto timoun pandan y ap travay ak pandan y ap jwe, epi yo obsève kisa timoun yo ap fè pandan jounen lekòl la (pa egzanp, pandan yo chita angwooup nan salklas la, lè yo deyè, lè yo an ti gwoup, etc). Ekip anseyan yo itilize enfòmasyon sa a pou konprann kòman chak elèv fonksyone epi yo planifye aktivite ki ede yo devlope.

Kòman yo itilize enfòmasyon ki soti nan *authentic assessments* an?

Yo itilize Vrè evalyasyon pou konprann kòman timoun reflechi, devlope ak aprann. Evalyasyon sa yo itil pou fanmi, pwofesè ak pou pwogram nan diferan fason.

*Fanmi* ka itilize done ki soti nan Vrè evalyasyon pitit ou yo pou:

- Konprann kòman yo ka ede pi byen pou pitit yo grandi ak devlope.
- Konprann kijan pitit ou aprann pi byen nan salklas la.

*Ekip pwofesè* yo ka itilize done ki soti nan Vrè evalyasyon an yo pou:

- Konprann abilite pitit ou ak pran desizyon osijè kòman pou ede li kontinye grandi.
- Planifye aktivite chak jou dapre abilite ak ak sa ki enterese pitit ou, tankou:
  - Chwazi liv pou salklas la pou ede pitit ou a aprann yon abilite oswa yon konsèp.
  - Chwazi jwèt lè pitit ou ap jwe deyò pou ankouraje l travay avèk lòt timoun ak aprann nouvo abilite yon fason amizan.
  - Mennen aktivite k ap ede pitit ou a devlope aptitud sosyal ak emosyonèl tankou kòman pou yo jwen avèk lòt timoun ak konprann kòman lòt timoun santi yo.
- Kominike avèk fanmi pandan konferans lè yo itilize echantyon ak/oswa rapò sou travay yo.

*Pwogram* ka itilize done ki soti nan Vrè evalyasyon yo pou:

- Kòmande materyèl pou ede bezwen aprantisaj timoun.
- Identifye resous pou ede ekip anseyan yo satisfè bezwen aprantisaj tout timoun.



## Ki domèn devlòpman yo evalye?

Yo jeneralman divize devlòpman jèn timoun an senk branch oswa "domèn" pou evalyasyon:

- *Apwòch pou aprantisaj* - kòman timoun angaje yo nan eksperyans aprantisaj la. Se yon bagay ki enpòtan paske fason timoun apwoche aprantisaj enfliyanse devlòpman yo atravè tout domèn.
- *Devlòpman sosyal ak emosyonèl* - kòman timoun devlope relasyon menm jan an tou kòman yo rekonèt ak jere emosyon. Sa yo se konpetans pèmanan ki nesesè pou devlòpman aprantisaj.
- *Langaj, Literacy ak komuniksyon* - kòman timoun tandem, konprann, ak itilize lang avèk nouvo konpetans yo nan literasi ak lòt abilité devlòpman pou yo kominike.
- *Entèlijans* - abilité ak konsèp timoun itilize pou konprann ak organize mond ki antoure yo a, ladan matematik, art, syans, ak syans sosyal.
- *Devlòpman fizik ak sante* - konesans ak abilité timoun devlope pou yo deplase ak rete san danje nan anviwònman yo.

Li enpòtan pou ekip anseyan yo evalye tout domèn sa yo atravè obsèvasyon ak analiz echantiyon travay yo pou yo ka konprann pi byen ak bay ptit ou a sipò konplè. Tanpri sonje domèn yo dekri pi wo yo kapab yon tijan diferan depann zouti pwogram ou an itilize a.

Kijan mwen ka bay èd mwen nan Vrè evalyasyon yo?

Ou konnen ptit ou a pi byen! Pale avèk pwofesè ptit ou a souvan. Lè nou travay ansanm, sa ka ede asire ptit ou a jwenn sipò li bezwen pou l aprann ak grandi.

- Ou ka pataje enfòmasyon osijè konesans ptit ou ak sa ki enterese l avèk pwofesè ptit ou yo.
- Ou kapab pale sou devlòpman ptit ou a avèk pwofesè yo. Sa ede oumenm ak pwofesè ptit ou yo travay ansanm pou ede ptit ou grandi.
- Poze pwofesè ptit ou a kesyon sou vrè evalyasyon yo epi rete ouvè pou rekòmandasyon.

Se [The Division of Early Childhood Education](#) ki ofri w pwogram sa a

Imèl: [earlychildhood@schools.nyc.gov](mailto:earlychildhood@schools.nyc.gov)

Ou ka jwenn enfòmasyon sou 3-K pou Tout Moun ak Pre-K pou Tout Moun sou sitwèb nou an.

[Enskri nan Pre-K pou Tout Moun](#)

